# ПАЛ ҲӘРРЕШИЛИК ӨНИМЛЕРИ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ТОВАРЛЫҚ ҚӘСИЙЕТЛЕРИ

## BEEKEEPING PRODUCTS & THEIR COMMERCIAL FEATURES

**Uzbekistan, 2024**



german cooperation
DEUTSCHE ZUSAMMENARBEIT

Implemented by:
giz Deutsche Gesellschaft für Internationale Zusammenarbeit (GIZ) GmbH

ICARDA
Science for resilient livelihoods in dry areas

Бул методикалық қолланба Өзбекстан Республикасы ICARDA шериклик шөлкеми буйыртпасы тийкарында “Қарақалпақстан Республикасында пал ҳәррешилик тараўын еле де раўажландырыў” темасы шеңберинде ислеп шығарылды. Қолланба Өзбекстан Республикасында пал ҳәррешилик тараўы менен шуғылланыўшы ҳәм пал ҳәррешилик пенен шуғылланыўды қәлеўшилер ушын пал ҳәррелери семьясын раўажландырыў ҳәм көбейтиўде азықлық дереклери, өсимлик ҳәм аўыл хожалық егинлериниң гүллеў ҳәм нектар, гүл шаңын бериў дәўирлери бойынша билимлерин өз ишине алған.

**Дүзиўшилер:**
Самарқанд мәмлекетлик ветеринария медицинасы, шарўашылық ҳәм биотехнологиялар университети “Ветеринария ислерин шөлкемлестириў ҳәм ветеринария санитария экспертизасы” кафедрасының аға оқытыўшысы Ғойибов О.Ш., Ташкент қалалық пал ҳәррешилер ассоциация баслығы Мусаев Ф

**Рецензент:**
Самарқанд мәмлекетлик ветеринария медицинасы, шарўашылық ҳәм биотехнологиялар университети Зоотехния ҳәм жипекшилик кафедрасының доценти Эшдавлатов О.



*Фаррух Мусаев*



*Отабек Ғойибов*

# МАЗМУНЫ


Кирисиў ........ 3
1. Пал ҳәррешилиги өнимлери түри ҳәм қәсийетлери ........ 5
1.1 Пал ҳәм оның түрлери ........ 5
1.2 Гүл шаңы ҳәм перга ........ 11
1.3 Прополис ........ 12
1.4 Аналық пал ҳәрресиниң сүти ........ 13

2. Пал ҳәррешилиги өнимлери экспорты ҳәм импорты ........ 14
2.1 Пал экспорты ........ 14
2.2 Пал ҳәрреси семьясы (пакет) экспорты ........ 15
2.3 Пал ҳәррешилиги өнимлери экспортын шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыў ........ 16
2.4 Экспортта талап етилетуғын норматив ҳүжжетлер ........ 16

3. Әдебиятлар дизими ........ 18


Толық атыңыз:

Логин:

Пароль:

## Кирисиў

Пал ҳәррелери тәбиятта өсимликлерден нектар ҳәм гүл шаңын жыйнап келип, оларды өзлериниң тутыныўы ушын қайта ислеп, пал ҳәм перга ҳалына келтиреди.

Нектар (шире) – өсимлик гүллери бөлип шығаратуғын мазалы суйықлық. Қурамы: сахароза, глюкоза, фруктоза, суў ҳәм аз муғдарда белок, минерал дузлардан ибарат. Нектардағы қант 5-70%, суў 20-70% ды қурайды. Өсимлик гүллериндеги ширениң қурамындағы қант муғдары 4,25% кем болса пал ҳәррелери оны жыйнамайды. Пал ҳәррелери нектар қурамындағы суўды организминде қайта ислеп пуўластырыў есабынан ҳәм силекей безлери ферментин араластырыў нәтийжесинде пал ислеп шығарады.

Пал қымбатлы азық-аўқат өними, оның 1 килограмында орташа 3200 калориялық энергия бар. Әййемги заманлардан бери медицинада пал дәри-дәрмақ ретинде пайдаланылған. Ҳәзир фармацевтика санаатында түрли дәри-дәрмақлар ислеп шығарылады. Палдың өзи ҳәр қыйлы кеселликлерге диеталық ҳәм дәри ретинде буйырылады. XX-әсирдиң 60-жылларынан баслап медицинада пал менен емлеў усыллары – апитерапия қәлиплести. Пал азық-аўқат санаатында да пайдаланылады. (Дерек: Өз Миллий Энциклопедиясы)

Бул қолланбада пал ҳәррешилери пал өнимлери түрлери, оларды алыў, қурамы, сақлаў ҳәм сатыў ҳаққындағы мағлыўматларға ийе болады.



## 1. Пал ҳәррешилиги өнимлери түрлери ҳәм қәсийетлери

Пал ҳәррешилиги өнимлери тәбийий шәраятта пал ҳәррелери тәрепинен жыйнап алынатуғын азықлық өним болып, пал ҳәррелери өз семьясын көбейтиў, раўажландырыў ҳәм қысқы қор менен тәмийинлеў мақсетинде өсимликлер гүллеринен алынатуғын шийки зат болып табылады.

Пал ҳәррелери тәбиятта тарқалған барлық нектар (шире) беретуғын гүллерден нектар ҳәм гүл шаңын жыйнап алады ҳәм өзлери жасайтуғын уясына алып келип, организминде қайта ислеў жолы менен таяр өнимге айландырады.

Пал ҳәррешилиги тармағының тийкарғы өними тек ғана пал емес, ал, өсимликлерди шаңландырыў есабынан келтиретуғын пайдасы да пал ҳәрреси өними болып есапланады.

Пал ҳәррелери тәрепинен шаңландырылғанда ғаўашаның зүрәәтлилиги 27,9%, майда тоғай жемислериниң зүрәәтлилиги 50-60% ға артады.

Бир пал ҳәрре семьясынан бир мәўсимде 20-30 кг пал, 3-5 кг гүл шаңын, 2-3 кг перга, 200-300 гр прополис, 300-500 гр аналық ҳәрре сүти, 4-5 гр пал ҳәрре зәҳәрин, 3-4 кг мум алыў мүмкин.

### 1.1 Ҳәзирги ўақытта инсан тәрепинен пайдаланылатуғын пал ҳәррешилиги өнимлериниң түри көп болып;

**Олардан:**

Пал – қант муғдары (фруктоза, глюкоза) 78-80%, диастаза, инвертаза, суў 17-21%, витаминлер, органикалық кислоталар, минерал дузлардан қуралған. Бир мәўсимде жақсы раўажланған пал ҳәрре семьясының тиришилик етиўи ушын 70-90 кг пал керек болады. Соннан 7-12 кгын олар қысқы резерв ретинде сақлайды.

Пал өз қурамына қарай нектардан парықланады. Палда 80% дан аслам углеводлар (глюкоза, фруктоза), 0,4% күл, 13-20% суў болады.
Палда инсан ушын пайдалы элементлердиң 70 тен аслам түри бар. Сондай-ақ, палда минерал элементлерден: кальций, натрий, калий ҳәм микроэлементлер, органикалық кислоталардан алма, лимон кислоталары, витаминлер (B2, B6, PP, C, E, K) бар екенлиги анықланған. Тәбияттан алыныў дерегине қарай гүл (нектар) палы ҳәм шире (өсимлик жапырақлары ҳәм түбирлеринен бөлинип шығатуғын шире) палына бөлинеди. Гүлден алынған пал да

өсимлик түрине қарай жоңышқа, жантақ, айғабағар, ғаўаша ҳәм басқаларға бөлинеди. Пал өзиниң дәми, ийиси, реңи жағынан, сондай-ақ, қайсы мәўсимде қандай өсимлик гүлинен жыйналғанлығына ҳәм орнына (таў, тоғай, ойпатлық) қарай да парықланады. Ең жақсы пал – таў палы, себеби, ол ҳәр қыйлы емлик қәсийетке ийе гүллерден жыйналады. Ақ акация, жоңышқа, алма, шабдал ҳәм басқа өсимликлер гүлинен топланған пал да сапалы болып, қуяш нуры сийрек түсетуғын тоғай гүллери ҳәм өсирип жетистириў ўақтында ҳәр қыйлы зәҳәрли дәрилер себилетуғын техникалық өсимликлер, кенептен алынған пал бираз сапасыз есапланады.

Раўажланған пал ҳәррешилиги хожалықларында пал ҳәрреши көп санлы пал ҳәрре семьяларын бағыўын есапқа ала отырып, мум кетек рамкаларға топланған палды тез-тезден алыў жолларын қолланыў усыныс етилмейди. Өзи жасайтуғын ықлым шәраятында нектар ажыратыўшы өсимликлердиң нектар ажыратыў қәбилетин қадағалаў тәрезисиниң күнделик көрсеткишине сүйене отырып, пал ҳәрреси уясына алдын ала керекли сандағы соталы рамкалар пүткил нектар алыў дәўирине қарап қойылады ҳәм топланған пал нектар алыў мәўсиминиң ақырында бир мәрте алынады. Жумыс усылай исленгенде, артық жумыстан қутылып, писип жетилискен сапалы пал алыў мүмкин болады. Бирақ пал алыўды бәрҳа мәўсим ақырына қалдырыўға да болмайды. Айырым көп нектар беретуғын өсимликлер бар орынларда соталы  рамкалар жеткиликли болған жағдайда да инлер жетиспей қалыўы мүмкин, бунда өсимлик гүллери ажыратып атырған нектарын жоғалтыўы мүмкин. Бундай ўақытта пал ҳәрреши ўақты-ўақты менен соталы рамкалардың палға толыўын тексерип турыўы ҳәм нектарға толған соталы рамкалар орнының уя қабатларын ямаса магазин қабатларын алмастырып турыўы керек.

Пал ҳәррелери мудамы таяр палды уяның жоқарғы бөлегиндеги инлерге жайластырады, сонлықтан, пал қойылған инлердиң үстин мум перде менен жабыўды жоқары бөлимлерден баслайды. Соталы рамкалардағы инлерде пал толып, олардың үсти бекитилгеннен кейин, палын алыў ушын алынады. Ажыратып алынған палы бар рамкалар орнына бос соталы рамкалар қойылады. Көп қабатлы уяларда ямаса тийкарғы семья үстине 435х145 ммли киши

көлемдеги пал топлаўға арналған (магазин) қабатта пал ҳәрре бағылғанда бәрҳа жаңа қабатлар тийкарғы семья ямаса аналық ҳәрресиниң мәйек қойыўы ушын шеклеп қойылған қабатлар үстине қойылады. Солай етип, пал қойылған соталардан ибарат рамкалы қабатлар, палдың ислеп шығарылыўына қарай, орны алмастырылып турылады. Төменги қабатта мудамы шийки пал, ал, ең төменги қабатта сырттан келтирилген нектар болады.

Пал топланған соталардан ибарат рамкалы қабатларды пал алыўға ажыратып алыў ушын олардың ишиндеги пал ҳәррелерин түтин жәрдеминде айдаў бираз ўақытты алады. Пал ҳәррелерин төменги, аналық ҳәрреси ҳәм личинкалары бар қабатларға айдаў мақсетинде карбол кислотасы пуўынан пайдаланады. Оның ушын еки түрли 50% ҳәм 70% ли карбол кислотасы таярланады. Ыссы ықлым шәраятында 50% ли карбол кислотасы пайдаланылады. 5 бөлек карбол кислотасы гүңгирт шийше ыдысқа салынады, үстине 5 бөлек суў қуйылады, шийше ыдысты қайнап турған суўдың ишине түсирип, карбол кислотасының бөлекшелери толық еригенге шекем услап турылады. Салқын ықлым шәраятында гүңгирт шийше ыдыста 7 бөлек карбол  кислотасы бөлекшелерине 3 бөлек суў қосылып, тап жоқарыдағыдай етип таярланады. Пал ҳәрреси уясының қақпақ астындағы бөлимине кенеп қалта гезлемеси керип тартылып, сийлени таярланған суйықлыққа батырып, сығып, қалтаның үстине жаяды, кейин уяның қақпағы жаўып қойылады. Арадан 3-5 минут өткеннен, палы бар рамкалардағы пал ҳәррелери төменги тийкарғы бөлекке түсип кетеди. Айтылған ўақыттан артық услап турыў усыныс етилмейди, себеби, пал ҳәррелери уяларынан сыртқа шығып кетиўи мүмкин. Егер қақпақ астындағы бөлек болмаса, онда тахтадан уяға туўры түсетуғын етип, қақпақ астындағы бөлекке уқсатып қағылады. Түтеткиш жәрдеминде де айдалады ямаса уядан паллы мум кетек рамкалар суўырып алынып, пал ҳәррелери уясына қағып түсириледи, паллы рамкалар рамка тасылатуғын арнаўлы сандыққа салынады ҳәм олардың орнына палы алынған бос мум кетек рамкалар қойылады.

Горизонтал уялардан жетилискен паллы рамкалар ажыратып алынғаннан кейин, олардың орнына бос мум кетек рамкалар личинкасы бар рамкалар менен шетке жылыстырылған жетиспеген паллы рамкалар ортасына қойылады. Буннан тысқары горизонтал

уялардан пал алыўдан алдын жеңил бос қуты ямаса пал ҳәрреси уясын палы алынып атырған пал ҳәрреси семьясының артына қойылады. Палы бар барлық соталы рамкалар ажыратып алынады. Излеп табылған аналық ҳәррениң қанатынан абайлап усланады, ол ашық мәйеги ҳәм личинкалары бар рамкалардың биреўине өткерилип семьяда қалдырылады. Ажыратылған палы бар рамкалардағы пал ҳәррелери гезек пенен семьядағы бос орынға қағылады.

Пал топлаў ушын берилген рамкаларға аналық пал ҳәрресиниң мәйек қоймаўы ушын ақырғы личинкасы бар рамкалардың қасына аналық пал ҳәррениң өтпеўи ушын тор ямаса тығыз тартылған мум кетек рамка қойылады.

Пал ҳәррелериниң жумысын ирикпеў ушын пал күнниң екинши ярымында алынса мақсетке муўапық болады.

Пал мум кетеклерден арнаўлы пал айдаўшы (медогонка) үскенелер менен ажыратып алынады.

Пал алыў. Уядан ажыратып алынған паллы рамкалар пал ҳәррешилик хожалығындағы уяға ямаса фанерадан исленген үйшеге алып келинеди. Үйшеге пал ҳәррелериниң кирмеўи ушын саңлақлар ҳәм әйнек-қапылар тығыз жабылады. Бөлме температурасы көтерилиўи менен мум кетек рамкалардан пал тез сызатланып шығады. Паллы рамкалар уядан пал алыўдан бир неше күн алдын ажыратып алынған болса ямаса 20-25°С жыллылықтағы бөлмеде 7-8 саат услап турылса, пал тез ағып шығады. Пал алыў ушын пал айдаўшы қурылма (медогонка), палы бар соталы рамкалардың бетин қырыў ушын стол, 4-5 дана жақсылап шарланған пышақ, пышақты суўда қыздырыў ушын ыдыс, жуўыныў ушын суўлы ыдыс, сабын ҳәм сүлги, пал қуйылатуғын ыдыслар болыўы керек. Пал айдаўшы қурылма (медогонка) жақсылап жуўылады, қуяш нурында кептириледи. Пал айдаўшы қурылманы орнатқанда, оның сүмегиниң астына пал ағатуғын шелек ямаса сондай бир басқа ыдыс арқайын сыятуғындай болыўы керек. Сүмектиң бийиклиги ислеп атырған адамның шығанағының бийиклигинде болыўы керек. Қурылманың пал ағатуғын сүмегине тор сымлы сүзеки илип қойылса, ыдысқа тазаланған пал түседи. Палы бар соталардың үсти қайнап турған суўға салып қыздырылған ҳәм суўы силкип тасланған пышақ жәрдеминде муқыят қырылады.

Рамкалардағы палы бар инлердиң үсти қырылып болынғаннан соң, соталы рамканың төменги бөлеги рамка салынатуғын кассетаның айланатуғын тәрепине түсириледи.

Палы бар рамка салынған қурылма айландыратуғын көшеринен услап дәслеп әсте айландырылады, кейин тезлестирилип барылады. Инлерден пал шығып болғаннан кейин, рамканың екинши тәрепи пал айдаўшы қурылманың диййўалы тәрепине айландырып қойылады ҳәм қурылма (мёдогонка) инлердеги пал толық ағып шығаман дегенге шекем айландырылады. Жаңа тартылған соталардағы пал алыныўы керек болса, соталардың мум бөлекшелери жулып алынады, палдың шашырап шықпаўы ушын палы бар рамкалар кассетаға салынып, әсте айландырылады, екинши тәрепи өширип қойылады. Пал алғанда жумыс өнимли ҳәм иркинишсиз болыўы ушын төрт адам керек болады: еки адам уядан палы бар рамкаларды ажыратып алып, үйшеге алып келеди ҳәм бос рамкаларды уяларға апарып турады; бир адам мум кетек рамкалардағы палы бар инлердиң үстин пышақ менен қырады; ал, төртинши адам пал айдаўшы қурылманың (мёдогонканың) көшерин айландырып турады.

Рамкалардан пал алынғаннан кейин, оларды орынларына апарып қоймастан алдын инлерге азырақ суў шашыратып себиледи, солай исленсе пал ҳәррелериниң инлерди тазалап кептириўи аңсат болады.

Палы бар соталы рамкаларды уядан ажыратып алғанда алжасып кетпеў ушын ҳәр бир рамканың төбеси үскене менен тилинип, қара қәлем ямаса пор менен семьяның номери жазып қойылады.

Палы бар рамкалардан пал ажыратып алынғаннан кейин, қандай да бир үлкен көлемдеги ыдыста бир неше күн сақлап қойылса, пал ишиндеги мум бөлекшелери, соталы рамкалардан түскен шығындылар ҳәм пал көбикшелери палдың бетине қалқып шығады, патаслықлар ажыратып алынғаннан кейин пал арнаўлы қақпақлы ыдыс (фляга) ларға қуйылып, қоймаханаларға жибериледи.

Ири пал ҳәррешилик хожалықларында пал орайластырылған усылда алынады.

Пал ҳәррешилиги хожалықлары арнаўлы пал алыў электр үскенеси (электромёдогонка), палы бар соталардың бетин

қыратуғын электр пышақ ҳәм пал топланатуғын үлкен көлемдеги ыдыслар орнатылады. Пал алыўға жиберилип атырған палы бар рамкалардың жоқарғы бөлегине қәлем менен пал ҳәрреси уясының ҳәм ҳәрре семьясының номери жазып қойылады. Егер хожалықта палды ыдысларға қуйыўшы үскене қойылған болса, онда пал биротала майда ыдысларға қуйылып, қақпақлары жабылып кетеди.

Палы бар рамкалар уя қабатлары ҳәм горизонтал уяларда автомашиналарға тийелип, хожалық орайына пал алыў ушын жибериледи. Ҳәр еки жағдайда да личинкалы рамкалардан пал алыў усыныс етилмейди.

Орайластырылған усылда пал алынғанда мийнет өнимлилиги жоқары болады.

Тийкарғы пал жыйнаў дәўири таўсылғаннан кейин уяның үстки қабатлары ҳәм горизонтал уядағы артық соталы рамкалар алынып, ақырғы мәрте палы алынады. Палы алынған рамкалар ҳәрре семьяларына тазалаў, кептириў ушын бериледи ҳәм ертеңине соталы рамкалар сақланатуғын бос уялар ямаса бөлмелерге жайластырылады:

**Палдың халық медицинасында қолланылыўы.**

Палдың шыпалы қәсийетлери ҳаққында көплеген мағлыўматлар бар. Пал өзине жердиң нектарын ҳәм қуяш ыссылығын жутып, инсан мийнети менен жетистирилген тәбийий азық болып табылады.

Пал-қурамында углеводлар, белоклар, минераллар, ферментлер, витаминлер сақлаўшы жақсы азық-аўқат өними болып табылады. Фруктоза ҳәм глюкозаның ыдыраўынан пайда болатуғын энергия инсан организми ушын зәрүрли болып табылады.

Ол халық медицинасында тымаў, нерв системасы ҳәм ас сиңириў органлары кеселликлеринде жәрдемши қурал ретинде пайдаланылады.

Пал ишки органлардың искерлигин нормалластырады, қан қурамын жақсылайды, иммунитетти көтереди. Ол өткен әсирлерден мийрас болып, Азия дәстүрий медицинасында ҳәзирги кунге шекем қолланылып келинбекте. Уллы Абу Али Ибн Синаның медицина пәни бойынша мийнетлеринде пал ҳәррешилиги өнимлери үлкен әҳмийетке ийе болған. Медицинада 500 ден аслам дәрилерде пал, мум ҳәм прополис пайдаланылғаны бизге белгили.

## 1.2. Гүл шаңы ҳәм перга

**Гүл шаңы** – қурамында өсимликлердиң биологиялық актив элементлерин сақлаўшы, пал ҳәррелери тәрепинен жыйналатуғын, шыпалы қәсийетлерге ийе, тойымлы азық. Тәбиятта организмниң функционаллық жақтан раўажланыўы ушын зәрүрли, қурамлық бөлеклери тәрепинен оған уқсас тәбийий азық жоқ. Ол белоклар, углеводлар, майлар, минерал дузлар, фермент, фитогормонлар, тәбийий антибиотиклер, дерлик барлық витаминлер ҳәм тағы басқа элементлерден ибарат ҳәр тәреплеме даўалаўшы тәсирге ийе бир-бири менен өз-ара тең салмақлықта ҳәм ажыралмас рәўиште байланысқан азық болып табылады.

Гүл шаңында аминокислоталар муғдары гөш ҳәм мәйектегиге қарағанда 5-7 есе көп. Пал ҳәрреси уясынан алынған гүл шаңын 600С температурада 2 саат даўамында кептириў арқалы оның барлық көрсеткишлерин сақлап қалыў мүмкин. Сонда ғана инсанлар тәрепинен тутынылыўы нәтийжели болады.

**Перга** – қайта исленген ҳәм палда консервацияланған гүл шаңы, пал ҳәррелери тәрепинен личинкаларын бағыў ушын қолланылады. Қурамы ҳәм тәбийийлиги бойынша тәбиятта оған тең келетуғын элемент ушыраспайды. Пал ҳәрресиниң личинкалары 6 күн даўамында пергадан пайдаланады, бул ўақыт ишинде пал ҳәрреси личинкаларының салмағы 1500 есеге артады. Тәбиятта бундай жоқары биологиялық актив ҳәм күшли ҳеш қандай өним жоқ.

**Перганың халық медицинасында қолланылыўы.**

Асқазан-ишек трактының созылмалы кеселликлери, астения, депрессия, физикалық ҳәм психикалық шаршаў ҳалаты, жүрек-қан тамыр кеселликлери, қан-тамыр атеросклерозы, баўыр кеселликлери, менопауза, жуқпалы гепатит, миопатия, склероз, аўыр жаралардың питиўинде, азыў, ер адамлар ҳәм ҳаял-қызлардағы жынысый жетиспеўшилик, паренхима органлары ҳәм нерв системасы зақымланғанда қолланылады.

Кемқанлыққа қарсы нәтийжели қурал болып, қызыл қан дәнешелери ҳәм ақ қан клеткаларының пайда болыўын тезлестиреди, тез тикленетуғын тоқымалардың артыўын күшейтеди. Зыянланған тоқымалардың өсиўине көмеклеседи,

бунда, тоқыманың функциясын қайта тиклеўге алып келеди (гепато-протектив тәсирге ийе).

Нерв ҳәм эндокрин системаларының искерлигин нормалластырады, асқазан асты бези клеткалары тәрепинен инсулин секрециясы процесиниң активлигин арттырады.

Қанның уйыўын төменлетиўде көмеклеседи, капиллярларды беккемлейди, қандағы холестеринди азайтады, антисклеротикалық, өт ҳәм сидик айдаўшы тәсирге ийе, радиопротектив ҳәм өспелерге қарсы тәсирге ийе, ишектеги микроорганизмлердиң артыўын кемейтеди ҳәм оның искерлигин тәртипке салады.

Иммун системасын күшейтиў ҳәм беккемлеўши тәсирге ийе, иштейди ашады, дене салмағын арттырады ҳәм тиклейди. Әззи балалар организмин қайта тиклеўде усыныс етиледи. Интеллектуал ҳәм физикалық ис қәбилетин арттырады, сондай-ақ, ер адамларда жынысый мейилликти күшейтеди.

Улыўма жағдайды беккемлейди, тынышландырыўшы тәсирге ийе. Кексе жастағы адамлардың зат алмасыў процесиниң тиклениўине тәсир көрсетеди, өмирди узайтыўға көмеклеседи (гүл шаңы – жаслық эликсири). Көплеген дәрилердиң тәсирин күшейтеди.

## 1.3. Прополис

Пал ҳәррелери тәрепинен уяны қорғаў мақсетинде пайдаланылатуғын желим тәризли нәрсе болып, тийкарынан пал ҳәррелери тәрепинен уядағы пал ҳәрре киретуғын тесиклерди киширейтиў ҳәм пайда болған зыят саңлақларды бекитиў мақсетинде қолланылады. Қурамы жағынан 18 ден артық микро ҳәм макроэлементлерден турады.

**Прополистиң халық медицинасында қолланылыўы.**

Бул өним инсанларда тоқымалардың регенерациясын тезлестириўде, күйиктен кейинги тыртықларды киширейтиўде, аўырыў қойдырыўшы, эндокрин безлер искерлигин қайта тиклеўде, бактерия ҳәм вируслы кеселликлер тәсирин кемейтиўде, териге ультрафиолет нурлардың тәсирин кемейтиўде пайдаланылады.

Прополис

Пал ҳәррелери тәрепинен уяны қорғаў мақсетинде пайдаланылатуғын желим тәризли нәрсе болып, тийкарынан пал

ҳәррелери тәрепинен уядағы пал ҳәрре киретуғын тесиклерди киширейтиў ҳәм пайда болған зыят саңлақларды бекитиў мақсетинде қолланылады. Қурамы жағынан 18 ден артық микро ҳәм макроэлементлерден турады.

**Прополистиң халық медицинасында қолланылыўы.**

Бул өним инсанларда тоқымалардың регенерациясын тезлестириўде, күйиктен кейинги тыртықларды киширейтиўде, аўырыў қойдырыўшы, эндокрин безлер искерлигин қайта тиклеўде, бактерия ҳәм вируслы кеселликлер тәсирин кемейтиўде, териге ультрафиолет нурлардың тәсирин кемейтиўде пайдаланылады.

## 1.4. Аналық ҳәрре сүти

Аналық ҳәрreниң сүти тәбийий өним болып есапланады. Жаңа аналық ҳәрре сүти – өзине тән ийиске ҳәм (аналық пал ҳәрресиниң сүти) қаймақлы ақ-сарғыш реңли, өткир қышқыл дәмге ийе. Аналық ҳәрре сүти жас жумысшы ҳәррелердиң силекей ҳәм жоқарғы жақ безлеринен ислеп шығарылады, оннан пал ҳәрре личинкалары ҳәм аналық пал ҳәррелери азықландырылады. Аналық ҳәрре сүти сийрек ушырасатуғын қәсийетлерге ийе. Усының есесинен аналық ҳәрре 5-7 жылға шекем жасайды, ал, пал менен азықланатуғын пал ҳәррелериниң өмири 30-40 күнди қурайды. Аналық ҳәрре күнине 2-3 мың данаға шекем мәйек қояды, яғный, бул өзиниң дене салмағына тең.

**Аналық ҳәрре сүтиниң халық медицинасында қолланылыўы.**

Аналық ҳәрре сүти пайдалы қәсийетлерге ийе болыўы, бактериостатикалық ҳәм бактериоцид тәсир етиўи менен ажыралып турады. Аналық ҳәрре сүти тиришеңликти арттырады (әсиресе, нәренжан ҳәм әззи адамларда), иштейди жақсылайды, тоқымаларда зат алмасыў процесслерин нормалластырады, ферментатив процесслерди ҳәм улыўма зат алмасыўды активлестиреди, қан-тамыр системасын жақсылайды, көриў, яд, қан басымын нормалластырады, шаншыўлардың алдын алады (мысалы: қан-тамыр системасындағы шаншыўларды), гемотопоэтикалық функцияны нормалластырады, қандағы қантты азайтады, радиацияға қарсы қәсийетлерге ийе, организмнен ҳәр қыйлы зәҳәрлердиң, сондай-ақ, аўыр металлардың шығып кетиўин тезлестиреди.

## 2. Пал ҳәррешилик өнимлериниң экспорты ҳәм импорты.

### 2.1. Пал экспорты

Пал ҳәррешилик хожалығы тармақларының бири болып, пал ҳәррешилиги менен шуғылланатуғын юридикалық шахсларға 21250ХХТУТ коды бериледи. Егер де, юридикалық шахс жумысшы хызметкерлериниң саны 50 адамнан аспаса бундай юридикалық шахслар киши исбилерменлик субъекти болып есапланыўы мүмкин (МКниң 11.10.2013-жылдағы 439-санлы Қарары менен тастыйықланған классификацияның 406-қатары).

Республикамыздағы пал ҳәррешилик хожалықларының тийкарғы бөлегинде жумысшы хызметкерлер саны 50 адамнан жүдә кем болып, пал ҳәррешилердиң барлығы киши исбилерменлик субъектлери болып есапланады.



**Пал экспортының тийкары:**

Азық-аўқат қәўипсизлиги талапларына жуўап бериўи ҳәм турақлы түрде нәтийжели шөлкемлестирилиўин тәмийинлеў болып табылады. Зәрүр болған жағдайларда, импорт етиўши тәреп турақлы түрде ямаса ўақты-ўақты менен қәнигелер тексериўин өткериў ушын Өзбекстанға қәнигелерди жибериўи мүмкин.
Сатып алыўшы мәмлекетке Өзбекстан тәрепи аудит ҳәм тексериўди өткериў ушын керекли жәрдем көрсетиўи керек.

Сатып алыўшы мәмлекетке Өзбекстан тәрепи аудит ҳәм тексериўди өткериў ушын керекли жәрдем көрсетиўи керек.

Экспорт етилетуғын палды жыйнаўшы пал ҳәррелери:

Келип шығыўы Өзбекстанда жайласқан, Өзбекстан Республикасы Ветеринария ҳәм шарўашылықты раўажландырыў Мәмлекетлик комитети тәрепинен дизимге алынған ҳәм нәтийжели қадағаланатуғын пал ҳәррелеринен жыйналыўы керек;

Пал ҳәррелери нектарды зәҳәрли емес өсимликлерден топлаған болыўы керек, бунда трансген өсимликлерден жыйнаўға жол қойылмайды;

Ҳәрре бағыў аймағы пал ҳәррелеринде ушырасатуғын (Aethinatumida Murray Spp.) ҳәм Тропилаелапс инфекциясы (Tropilaelaps Infestation) (Tropilaelaps mites Spp.) кеселликлеринен аўлақ екенлиги рәсмий түрде тастыйықланыўы тийис.

Соңғы алты ай даўамында пал ҳәррелериниң 5 км радиуста жайласқан пал ҳәрреси семьялары арасында америка шириў ҳәм европа шириў кеселликлери рәсмий дизимге алынбаған болыўы керек.

Палды экспортлаўға арналған ислеп шығарыў кәрханалары азық-аўқат қәўипсизлиги ҳаққындағы нызамға муўапық, екинши тәрептен дизимнен өткерилген болыўы тийис.

Ветеринариялық дәри өнимлери, пестицидлер, микроорганизмлер ҳәм қоршаған орталықты патасландырыўшы элементлер, аўыр металлар, сондай-ақ, пал қурамындағы патасланған басқа нәрселердиң қалдық дәрежеси белгиленген муғдардан төмен екенлигиниң тастыйықланыўы;

Пал гигиеналық, қәўипсиз ҳәм инсан тутыныўы ушын муўапық екенлиги тастыйықланған болыўы керек.

## 2.2. Пал ҳәрреси семьясы (пакет) экспорты

Ең дәслеп, биз пал ҳәрреси пакетиниң не екенлигин билип алыўымыз ушын қысқа мағлыўмат пенен танысып шықсақ.

***Пал ҳәрреси пакети дегенимиз не?***

Пал ҳәрреси пакети пал ҳәрреси семьясының бир бөлими болып, яғный, көбейтиў ушын ямаса сатыў мақсетинде бөлинетуғын кишкене пал ҳәрреси семьясы десек те болады. Пал ҳәрреси пакети менен шуғылланбақшы болған пал ҳәрреши ветеринар врач пенен үзликсиз байланыста болыўы, кеселликлердиң алдын алыўы керек болады. Пакет ажыратыў ушын пал ҳәрреси семьясы күшли ҳәм дени саў болыўы керек. Бәҳәрде ерте пал ҳәрреси семьясын азығы мол нәсиллик рамкаларды көбейтиў керек болады, сонда ғана ҳәрре пакети саламат ҳәм сатылатуғын ҳалаты көркем болып, қарыйдарларға мақул болады.

Ҳәзирги ўақытта экспорт етилетуғын пал ҳәрреси пакетлери 2 түрге бөлинеди;

А) 2+2, бул не? Бул 2 жабық нәсилли рамкалар ҳәм 1 паллы рамка ҳәм 1 жабыўлы рамка (кроюший), әлбетте бул 4 рамка пал ҳәррелери менен қапланған болыўы шәрт.

Б) 3+1 бунда 3 нәсиллик рамка ҳәм 1 азықлық рамка. Бунда пал ҳәрреси нәсиллик рамкалары қандай болыўы керек деген сораўға 2 дана жабық ҳәм 1 дана ашық нәсиллик рамкалар болса жеткиликли ҳәм әлбетте, 4 рамка да пал ҳәрреси менен қапланған болыўы керек.

## 2.3 Пал ҳәррешилиги өнимлери экспортын шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыў.

Экспортқа шығарылатуғын пал ҳәрреси өнимлери нелерден ибарат екенлигин көрип шықсақ.

1. Пал.
2. Гүл шаңы.
3. Мум.
4. Прополис.
5. Аналық ҳәрре сүти
6. Пал ҳәрреси зәҳәри.

Ҳәр бир өнимниң ҳәр қыйлы екенлигине қарамастан, оны ислеп шығырыў ең дәслеп санитария-гигена талапларына муўапық түрде алып барылады. Нормадан артық антибиотиклерден пайдаланбаў ҳәм өнимди жетистириў ўақтында пестицидлерди улыўма қолланбаў керек болады. Өнимлерди сақлаў ушын ыдыслар ҳәм сақланатуғын бөлмениң температурасы да талапларға жуўап бериўи керек.

Қандай пал ҳәрре өними болса да, сол өнимге деген ҳәр бир импортёр мәмлекеттиң норматив талаплары бар болып, бул талапларды орынлаўымыз шәрт.

## 2.4. Экспортта талап етилетуғын норматив ҳүжжетлер:

Пал ҳәрреси өнимлериниң қайсы бир түри болса да, экспортёр импортёр тәрепинен қойылған талапларға әмел етиўи ҳәм керекли ҳүжжетлер менен тәмийинлеўи керек болады ҳәм бул төмендеги ҳүжжетлерден турады:

1. Муўапықлық сертификаты.

2. Санитария гигиена сертификаты.
3. Ветеринар сертификаты.
4. Келип шығыў сертификаты.

Бул ҳүжжетлерден тысқары импортёр қосымша басқа ҳүжжетлерди талап етиўге де хақылы.

## Әдебиятлар дизими

1. Балиашвили Л.И., Пичкова Л., Стуруа Н., Самхарадзе Н. Медосбор с плодных култур. Журнал пчеловодство. Москва 2003 йил.
2. Благовещенская Н.Н, Дикие пчелы-опылители растений. Журнал пчеловодство. Москва 1980 йил.
3. Крахотин Н.Ф. Ўзбекистонда асаларичилик. Тошкент. Меҳнат 1991 йил.
4. Суяркулов Ш.Р. Роль опылителей в условиях интенсивного земледелия. Журнал Пчеловодство 2012 йил. №8. 28-31 бетлар.
5. Таранов г.Ф. Корма и кормление пчел. Москва 1988 йил.
6. Қахрамонов Б.А., Сафарова Ф.Э., Исамухамедов С.Ш ва бошқалар. Асаларичилик асослари. Тошкент 2021 йил.
7. Сидиқов З.М.Асаларилар ва уларни боқиш усуллари. Тошкент 2021 йил.
8. https://www.ogorod.ru/.
9. https://flowers.ua/ru.
10. https://agro-market.net/.
11. http://bashenc.online/ru.